

KOSANBA Haiti & Haitian Vodou Statement

July 9, 2021

Manm Asosyasyon Entelekyèl Etid sou Vodou Ayisyen an (KOSANBA nan akwonim angle a) pran nouvèl boulvèsan lanmò trajik Prezidan Jovenel Moïse ke yo te asasinen an menm tan yo te blese Premye Dam Martine Moïse nan 7 Jiyè, 2021.

Gwo zak vyolans sa yo menase enstitisyon politik nou ak libète sivil nou. N ap ofri kondoleyans nou pou tout moun ki afekte. Epitou, nou realize atak politik vyolan sa yo afekte moun ki pi vilnerab parapò a lòt moun, espesyalman fanm, ti moun, manm kominote M (masisi ak madivin), epi kominote relijye yo ki toujou pèsekite.

Kidonk nou leve kanpe kont vyolans resan ki te fèt ekspres kont Vodouizan ak peristil Vodou nan Matisan, Fontamara, e Maryiani, Ayiti, avèk atak tou sou Lakou Bovwa. N ap kanpe djanm avèk tout manbo yo, oungan yo, ak ounsi yo ki te viktim gwo destriksyon sa yo ki fè nou sonje vyolans rèd ki te fèt kont kominote Vodou yo nan plizyè epòk nan istwa Ayisyen.

Lakou Bovwa ak lòt peristil Vodou yo se kokenchenn trezò nasyonal, paske yap sèvi kankou yon poto mitan kiltirèl ak spirityèl ki konekte nou ak eritaj Afriken nou an Ayiti. Atak brital sou peristil yo blese nou anpil nan peyi a. Blesi vizib yo bay gwo chòk, men blesi invizib yo frape nou pi di nan kominote nou epitou nan nasyon an. Destriksyon materyèl ki fèt nan espas relijye yo se yon fòm rayisman kont kominote yo, rityèl yo, ansanm avèk rayisman kont pèp la ki gen yon kilti ki baze sou gerizon ak sipòte moun.

Nan sosyete pa nou an ki frajil anpil nan domèn anviwònman epi nan sistèm ekonomik nou, anpil fwa moun ki pi vilnerab yo konn chache pwoteksyon nan tanp yo e espas mistik yo ki t ap sèvi plizyè jenerasyon avan nou. Kòm gadyen tradisyon yo moun k ap pwoteje espas mistik yo e k ap pran swen mystè yo konpran wòl yo ki pa selman kankou yon dwa men yon responsabilite tou. N ap kanpe djanm pou rekonèt dwa moun ki kontinye pwoteje tradisyon an paske yo konnen Vodou a ofri kominote a anpil fòs ak konesans.

Manm KOSANBA yo (Kongrè Santa Barbara) mete tèt ansanm avèk moun an Ayiti pou nou leve kanpe kont destriksyon vyolan lidèchip politik Ayisyen an. Epitou nou kondane ak tout fòs nanm nou atak sou kominote Vodou yo ki se kominote telman enpòtan nan peyi a. N ap mande pou sekirite retabli an Ayiti, pou lapè retounen, epi n ap kontinye kanpe ansanm avèk tout moun ki nan soufrans nan moman difisil sa a.